



Pou Piblikasyon Imedya: 28/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TANNERSVILLE KÒM DEZYÈM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN REJYON KAPITAL LA NAN KAD SENKYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA

Eta a pral travay avèk rezidan, lidè kominote ak responsab piblik yo pou revitalize anba lavil Tannersville

Investisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati esansyèl nan estrateji global eta a pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Tannersville pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm dezyèm gayan Rejyon Kapital la nan kad senkyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Nan senkyèm faz DRI a, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a yo ap resevwa 20 milyon dola, pou yon angajman total eta a ki se 200 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo apre COVID-19 nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Avèk enpak COVID-19 la te gen sou ti biznis ak kominote yo, li enpòtan pou eta a investè nan revitalizasyon yo pou nou kapab tounen pi bon pase anvan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral ede mennen Tannersville, yon vilaj ki plen avèk istwa, nan pwochen nivo a pou li ka grandi ak pwospere kòm yon egzanp nan sa ki pi bon Rejyon Nò Eta New York gen pou ofri".

Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare, "Finansman 10 milyon dola sa a pral pèmèt Tannersville kontinye travay li pou tounen yon kominote abòdab ki sipòte yon endistri vakans ak lwazi kat sezon. Rezidan 'Vilaj ki Pentire nan Syèl la' (Painted Village in the Sky) kounye a rejwenn rezidan anpil lòt anba lavil ki te benefisye pwogram enpòtan sa a".

Dirije pa Depatman Eta a, DRI sèvi kòm yon pyè angilè politik devlopman ekonomik eta a nan transfòme katye anba lavil vwazen yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire redevlopman, biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Nan faz sa, Gouvènè Hochul te double finansman an soti nan 100 milyon dola rive 200 milyon dola epi pèmèt chak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) deside si pou nonmen de benefisyè 10 milyon dola oswa yon benefisyè 20 milyon dola pou pwojè reyamenajman k ap transfòme epi

katalize anba lavil yo. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba vil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme anba vil la ak maksimize plis investisman prive ak piblik. Y ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a pou anba lavil la. Atravè DRI a, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pral bay benefisyè yo sipò teknik pou ede yo enkli prensip netralite kabòn pou sipòte objektif eta a pou diminye emisyon gaz efè sè yo a 85 pousan dis 2050.

Tannersville

DRI Tannersville la pral konsantre sou pati Vilaj Pentire anba lavil yo. Nan Rezèv Forestye Catskills la, Tannersville imajine anba lavil konpak, aksesib pou pyeton ak divèsifye kòm yon kowalisyon rapid pou biznis, fondasyon prive, manm kominote, lidè eli ak inovatè sosyal yo k ap travay kòt a kòt pou libere antreprenarya ak fè Vilaj la ekstraòdinè pou tout moun. Avèk devouman pou tounen yon kominote lwazi ak vakans kat sezon ki toujou abòdab pou rezidan lokal, alontèm yo, Vilaj la te travay di pou revitalize anba lavil yo a, nan konstate plis pase 126 milyon dola nan dènye investisman ak sa ki gen pou fèt la. Nan kontinye ak devouman sa a, Tannersville vize kreye nouvo lojman abòdab, elaji sèvis kominotè yo ak ogmante komodite atisitik ak kiltirèl yo.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York la (New York City Regional Economic Development Council, NYC REDC) te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan tout rejyon an, epi konsidere tout sèt kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Tannersville kòm youn nan nonminen li yo:

- Anba lavil la dwe konpak, ak limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèmman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevlopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi, ki gen ladan itilizasyon bank fonsye lokal yo, kòd repatisyon zòn ak estanda pakin modèn, plan ri konplè, pwojè pou efikasite enèjetik, travay ekolojik, ak devlopman ki oryante sou transpò komen;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ y ap kapab mete nan yon plan investisman estratejik DRI;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi

- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmasyon ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Tannersville rejwenn kounye a Vil Troy kòm gayan Rejyon Kapital senkyèm faz DRI a. Vil Glens Falls, Hudson, Albany, ak Schenectady se te gayan Rejyon Kapital la nan kat premye faz DRI yo, respektivman.

Tannersville pral kounye a kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil li ak jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Investisman Estratejik pral egzamine atou ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliyen ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Investisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou senkyèm faz DRI a pral fin konplete an 2022.

Sekretè Eta a, Rossana Rosado te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se pa sèlman konsènan ede pi gwo vil New York yo pwospere, li sipòte tou vilaj inik anba lavil nou an yo atravè eta a tankou Tannersville. Prim sa a pral ede Vilaj Tannersville byen reyalize vizyon li pou yon anba lavil ki satisfè bezwen rezidan ak vizitè yo. Depatman Deta a pa ka tann pou travay avèk vilaj la pou elaji enpak Eta a nan fason pou pwofite investisman prive yo pou kreye pi bon opòtinite lojman ak resous lwazi ak kiltirèl pou moun Tannersville yo jwi".

Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Kè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se patenarya pbilik-prive ki ankouraje nouvo investisman pou jenere kwasans ekonomik dirab. Finansman sa a pral kapitalize sou efè devlopman baz kominote a nan sipòte pwojè pou kreye yon destinasyon ki akeyi vizitè ak nouvo rezidan yo."

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Nou kapab estime ekonomi lokal nou yo ak amelyore kalite lavi pou Nouyòk yo nan fè investisman sibler nan distri nan anba lavil nou an yo ki pwofite resous kominotè ki egziste yo. Tannersville se yon destinasyon pandan tout ane a pou sila yo ki renmen aktivite anplennè ak atistik epi prim sa a pral pèmèt vilaj la konstwi sou repitasyon sa a pandan l ap elaji opòtinite lojman abòdab yo ak sèvis yo pou rezidan ansyen yo. Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, Tannersville ak tout Rejyon Kapital la pral pwospere pou plizyè deseni alavni".

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Konstwi ekonomi vèt nou an ak sipòte kominote ki pi dirab se bagay ki

esansyèl pandan n ap konbat chanjman klimatik, epi NYSERDA ap chèche bay sipò teknik pou Tannersville pandan vilaj la kontinye efò dekarbonizasyon li yo. Nou kontan kontinye travay avèk Depatman Deta a pou atenn netralite kabòn nan kominote nou yo nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi Eta a".

Senatè Michelle Hinchey te deklare, "Avèk bote san parèy ak resous lwazi nan Catskills yo kòm aryè plan li, Vilaj Tannersville sèvi kòm yon egzanp pisan sou fason devlopman ekonomi riral la kapab leve ti biznis nan zòn lan yo, amelyore kalite lavi pou fanmi lokal yo ak ankouraje investisman entelijan ki atire plis vizitè pou viv tout sa rejyon nou an gen pou ofri. Mwen te fyè sipòte aplikasyon DRI Tannersville la epi eksite ke kominote Konte Greene sa a te resevwa yon sibvansyon 10 milyon dola pou atenn tout potansyèl li kòm yon destinasyon klas mondyal pou touris pandan tout ane a. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul dèske li rekonèt opòtinite enkwayab nou genyen sou tèt montay la ak angajman li pou revitalize anba lavi nou yo atravè eta nou an".

Manm Asanble Chris Tague, te deklare, "Tannersville se yon vilaj ki gen yon bann atraksyon natirèl ak peyizaj mayifik ozalantou li ki pa sanble ak okenn lòt kote sou latè, kidonk, garanti finansman sa a pou devlope pati Vilaj Pentire zòn anba lavi li a pou tounen yon bagay ki pral atire ak angaje vizitè yo pou vini pwofite sa zòn lan gen pou ofri se yon bagay mwen te travay di avèk eta a ak responsab lokal yo pou fè sa pandan plizyè mwa. Espwa mwen sè ke finansman sa a pral ede pati anba lavi Tannersville devlope pou tounen yon plas kote mèt biznis lokal yo, rezidan ak responsab yo kapab travay ansanm pou fè Tannersville tounen pi bon plas li kapab ye pou tout sila k ap viv ak vizite li. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak REDC pou prim li nan investisman enpòtan sa a pou yon kominote riral ki vreman merite li, ansanm ak patnè lejislatif mwen Sen. Hinchey, patnè mwen yo nan gouvènman lokal la ak tout sila ki te volonte nan efò sa a pou travay yo nan defann pou fè li tounen yon reyalite. Mèsi."

Majistra Tannersville la, Doktè Lee McGunnigle, te deklare, "Nou kontan anpil ke Tannersville te seleksyone pou resevwa 10 milyon dola nan kad pwogram Revitalizasyon Anba Lavi la. Nou remèsye tout moun nan vilaj nou an ki te travay di pou rann anons jodi a posib, ak Gouvènè Hochul, pou sipò li. Mwen pa ka tann pou m travay avèk tout moun nan kominote nou an pou rafine vizyon nou ak elabore yon lis pwojè ki pral ede nou atenn vizyon sa a".

Ko-Prezidan CREDC a Ruth Mahoney, Prezidan Jesyon Richès NBT Bank, ak Doktè Havidán Rodríguez, Prezidan University at Albany, te deklare, "Plan Tannersville, mete avèk finansman an ki te bay atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la, pral sipòte pwojè ki maksimize resous inik kominote a pou fè avanse vizyon lokal li pou yon zòn anba lavi ki akeyan. Nan non kamarad manm konsèy nou yo, nou felisite ak ofri pi bon swè nou yo pou ekip Tannersville la".

Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la

[Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la](#) te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. Dirije pa Depatman Deta a, inisyativ la reprezante yon estrateji planifye-pou-aji ki inovatè ak san presedan ki asosye planifikasyon estratejik avèk aplikasyon imedya, sa ki pote avèk li yon ekip ekspè eta entè-ajans pou sipòte kapasite gouvènman lokal la nan reyalize vizyon kominote li.

Nan kat premye ane pwogram nan, eta a te angaje 400 milyon dola pou investi nan anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Senkyèm faz DRI a pral gen yon angajman siplemantè 200 milyon dola. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo akòde chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou anba lavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse ak maksimize investisman siplemantè prive ak piblik yo.

Reyamenajman Anba Lavi la jwe yon wòl esansyèl nan efò nasyonal Eta a pou sipòte devlopman ekonomik, ranvèse chanjman klimatik ak pwomouvwa jistis klimatik nan kreye kominote ki aksesib pou pyeton, bisiklèt ak transpò an komen ki redui anpil itilizasyon otomobil ak emisyon gaz a efè sè yo. DRI sipòte tou inisyativ Sante Eta a Atravè tout Règleman/NY Adapte pou Laj (State's Health Across All Policies/Age-Friendly NY) a nan kreye plis opòtinite pou lwazi ak egzèsis anplennè; ofri espas piblik sekirite, aksesib pou entèraksyon sosyal, ki amelyore sante mantal; ak elaji aksè ak manje fre, nitritif, espesyalman nan kominote defavorize yo.

Se Sekretè Deta Eta New York la, Rossana Rosado ki nan tèt inisyativ la. Kominote yo resevwa ankadreman nan men ekspè sektè prive yo ak yon nan men yon ekip pèsonèl ajan etatik ke Depatman Deta dirije an patenarya sere ak Empire State Development, ak Renouvèlman Kominotè ak Lojman eta a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)